# Yàlla nee na: jépp jëfi doomu Aadama moom la ñeel, ba mu des woor, moom man maa ko moom te maa koy fay

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: «Yàlla nee na: jépp jëfi doomu Aadama moom la ñeel, ba mu des woor, moom man maa ko moom te maa koy fay, te woor ab pakk la, bu nit ki nekkee ci bisu wooram bu mu jëf jëfi caaxaan bu mu coow, bu ko kenn saagaa mbaa mu xeex ak moom, na ko wax ne man damaa woor, giñ naa ci ki bakkanu Muhammat nekk ci loxoom, xetu gémmiñu aji-woor ji moo gën a teey fa Yàlla ci xetu Misk, aji-woor ji am na ñaari mbégte yu muy bég: bu dogee day bég, bu dajee ak Boroomam day bég ci wooram gi».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne Yàlla mu kawe mi day wax ci haadiisu Al-Xudsii: Jépp jëfi doomu Aadama dees koy ful benn bu rafet ci fukk yu mel ni moom ba ci juróom-ñaari téeméeri full, ba mu des woor; moom man la ñeel ndax ngistal du ci tàbbi, te maa koy fay ndax maa wéet ci xam ni ab yoolam ak fulug yiwam ya. Topp mu wax ne: (woor ab pakk la) ak kiiraay ak muuraay ak kaarànge guy aare ci sawara; ndaxte mooy bàyyi bànneex yi ak tàbbi ci bàkkaar yi, te sawara dees koo wërale ak ay bànneex. (bu kenn ci yéen nekkee ci bisu wooram bu mu def yëfi caaxaan) ci sëy ak yi koy jiitu, du caagine ci wax ju ñaaw mukk. (bu mu coow) ci xulóo ak yuuxu. (bu ko kenn saagaa mbaa mu xeex ak moom) ci weeru koor na wax: man de damaa woor; amaana mu bàyyi ko, bu nuuree ci ne fàww mu rayante ak moom ca dëgg-dëgg na ko jañ ca la gën a woyof niki aji-notaakoon bi. Topp Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daal di waat giñ ci ki bakkanam nekk ci loxoom ne soppeekug xetu gémmeñu aji-woor ngir koor gi moo gën a teey fa Yàlla ëllëg bis-pénc ci xetu Misk ci yéen, te moo ëpp yool Misk gi ñu sopp ci mbooloo ak ci barabi tudd Yàlla yi. Aji-woor ji am na ñaari mbégte yu muy bég: bu dogee kooram gi dana bég ci dog gi ci deñug xiif gi ak mar wi ndax li ñu ko daganalal mu dog, mu bég it ci matug kooram ak tëjug jaamu gi, ak woyafalug Boroomam, ak ndimbalam ci ëllëgu kooram. (bu dajee ak Boroomam day bég ci wooram gi) ci fay gi ak yool bi.